

## Direktiv pou Pasyan an ak Moun k ap Okipe li an pou Vizit Telesante an Gwoup nan Òtopedi:

*Chak depatman gen direktiv pa li pou gwoup pasyan*

- **Vini alè** - bay tèt ou kont tan pou konekte sou òdinatè a/tablet la/telefòn entelijan an, enstale tout bagay, epi verifye tout bagay ap mache byen
- **Konfidansyalite** - tout bagay yo di nan gwoup la konfidansyèl
  - Pa bay lòt moun non patisipan yo epi pa rakonte istwa yo
  - Pa anrejistre ni vidéyo ni odyo
  - Pa pran foto gwoup la
  - Ou dwe nan yon kote prive pou patisipan yo pa bezwen enkyete dèské gen lòt moun k ap tande enfòmasyon yo
- **Respekte lòt moun yo**
  - Koute lòt moun yo
  - Tanpri bay chèf gwoup la tout atansyon ou
  - Tanpri bay tout patisipan yo tan pou yo pale
  - Pa ni sèvi ak telefòn ou, ni manje, ni fimen pandan ou nan gwoup la
  - Koute jan patisipan yo idantife tèt yo epi lè w ap pale avèk yo sèvi ak non ak pwonon yo pito a (he/she/they)
- **Sèvi ak teknoloji an kòmsadwa**
  - Si gen bwi nan fon an, tanpri mete odyo w sou silans jiskaske lè a rive pou w pale
  - W ap sou vidéyo ak odyo donk tanpri abiye byen epi fè atansyon ak anviwònman an
  - Pou anpeche lòt moun wè kay ou/anviwònman ou, ou lib pou flou background ou a lè w chwazi "Efè background" nan paramèt vizit vidéyo a
  - Pa mete lòt patisipan yo sou bèbè
  - Ou te mèt etenn kamera vidéyo w lan pou pwoteje vi prive w pi byen
- **Pa pran ni pwodui ilegal, ni alkòl, ni marijàn**
  - Pa patisipe ni pandan ou sou ni pandan ou sou enflyians dwòg
- **Si ou pa alèz poze kesyon nan gwoup la**, tanpri rele kabinè chirijyen w lan pou poze kesyon yo